

Гъущӏ лъапӏэхэм къыхэщӏыкӏа ахъшэхэр

2-нэ нап.



Кавказ Ищхъэрэм щыщыӏэ щытыкӏэр

3-нэ нап.



Нэгъуэщӏ лъэпкъым щыщ псэгъу щӏамэ...

3-нэ нап.




Хьэтуейм и тхыдэм къыпещэ

4-нэ нап.

ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

№129 (24.255) ● 2021 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




# Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

**КӀуэкӀуэ Казбек иригъэкӀуэкӀа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъур 2022 гъэм гъэлъэпӀэнымкӀэ къызэгъэпэщакӀуэ комитетым и зэӀущӀэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщӀ Мусуков Алий, абы и къуэдзэ Хъубий Марат, щэнхабзэмкӀэ республикэм и министр Къумахуэ Мухьэдин, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкӀэ министр ДыщэкӀ Аслъэн, ухуэныгъэмрэ псэупӀэ-коммунальнэ хозяйствэмкӀэ министр Бэрбэч Алим, бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкӀэ и министр Ащхъуэт Ислъам, республикэм и Ӏэтащхьэм и чэнджэщэгъу Къуныжь Вячеслав, Налшык къалэ администрацэм и Ӏэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз сымэ.**



МАХУЭШХУЭМ теухуауэ яубзыхуа планым ипкъ иткӀэ, 2020 гъэм щэнхабзэмкӀэ унэу 9, тхылъ хъумапӀэу 7, музеи 4, театри 2, лъэпкъ ӀэщӀагъэхэм щыхуагъасэ зы центр къагъэщӀэрэщӀэжащ. КӀуэкӀуэ Казбек Правительствэм къалэн щищӀащ етӀанэгъэ екӀуэкӀыну апхуэдэ лэжьыгъэхэр 2022 гъэм фокӀадэм и 1 пщӀондэ яухын щхьэкӀэ зэдэлэжьэнухэм зэращӀылӀа зэгурыӀуэныгъэхэм мыгъэр имыкӀ щӀыкӀэ хэплъэжыну.

КъБР-м щэнхабзэмкӀэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиӀамкӀэ, щэкӀуэгъуэм ЩоджэнцӀыкӀу Алий и цӀэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэгъуэнущ Дэбагъуэ Роман игъэув «115-нэ шуудзэ» спектаклыр, Кулиев Къайсын и цӀэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмтеатрым утыку къыщрагъэхьэнущ Шекспир и «Отелло» пьесэм къытращӀыкӀа спектаклыр, Горькэм и цӀэр зезыхьэ Урыс драмтеатрым щагъэуващ Чеховым и «Дядя Ваня» пьесэр. Къэрал музыкэ театрым дыгъэгъазэм щагъэлъэгъуэнущ ЩоджэнцӀыкӀу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романымкӀэ ягъэува оперэр. Министрым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа телевизионнэ фильмхэр, тхылъхэр зэрагъэхьэзырыр.

Апхуэдэуи абы жиӀащ УФ-м ЩэнхабзэмкӀэ и министерствэм зэрыгурыӀуам тету, ирагъэкӀуэкӀын хуейуэ пандемием и зэранкӀэ къызэрамыгъэпэща зэхыхьэхэм трагъэкӀуэдэн хуея ахъшэр Театр ЩхъуантӀэр, Май щӀыналъэм щыӀэ тхыдэ-лъахэхутэ музейр, ПащӀэ Бэчмырзэ и унэ-музейр, Мэлбахъуэ Тимборэ и цӀэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэр зэгъэпэщыжыным зэрыхухахар.

Театр ЩхъуантӀэм лэжьыгъэм щыщӀадзащ, Къэрал концерт гъэлъэгъуапӀэр, «Спартак» стадионыр, Прохладнэ къалэм дэт ЩэнхабзэмкӀэ унэр зэрагъэпэщыж, Литературэ музейри къэгъэщӀэрэщӀэжыным мыгувэу иужь ихьэнущ.

КӀуэкӀуэ Казбек республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлӀэу яубзыхуа псори къызэщӀэкъуауэ зэрыгъэзэщӀапхъэр жиӀащ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр Москва зэрыщрагъэкӀуэкӀынум тепсэлъыхьахэщ.

КъулыкъущӀэхэм и гугъу ящӀащ къалэ дэлъэдапӀэхэм щагъэувыну стелэхэм, къат куэду зэтет унэхэр зэрызэрагъэпэщыжым, гъуэгухэр зэрызэрагъэзэхуэжым, цӀыху кӀуапӀэхэр зыхуей зэрыхуагъазэм.

КӀуэкӀуэм зэрыжиӀамкӀэ, республикэм и юбилейм ирихьэлӀэу Ӏуэху куэд зэфӀагъэкӀыну я мурадщи, иджыпсту нэхъыщхьэр ахэр зыхуей хуэзэу, и чэзум зэфӀэхынырщ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**



# Европэм и Советым

**Мы махуэхэм Страсбург щокӀуэкӀ Европэм и Советым и щӀыпӀэ, щӀыналъэ властым и Конгрессым и 41-нэ зэхыхьэр. Урысейм и лӀыкӀуэу абы хэтхэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀ Егоровэ Татьянэ, ар видеозэпыщӀэныгъэ Ӏэмалхэм тету лэжьащ.**

ПАРЛАМЕНТЫМ и спикерыр къыддэгуэшащ екӀуэкӀ зэхыхьэм нэхъыщхьэу зи гугъу щащӀхэмкӀэ:

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ мы Конгрессыр Европэм и Советым и щызэчэнджэщ органищым язу зэрыщытыр, абы хэтхэр лэжьыгъэм и пӀалъэкӀэ щызэдогуашэ, псоми я зэхуэдэ гугъуехьхэр щызэпкърах, дяпэкӀэ зэрызэдэлэжьэну щӀыкӀэм щытопсэлъыхь. 41-нэ сессием хэтхэм я ныкъуэр Страсбург кӀуащ, адрейхэр видеозэпыщӀэныгъэкӀэ дызэдолажьэ.

Сытым дежи хуэдэу, абы къыщаӀэтыну Ӏуэхугъуэхэр купщӀафӀэу икӀи гъэщӀэгъуэну ягъэпсащ. Псалъэм къыдэкӀуэу жыпӀэмэ: «Миграцэм и Ӏуэхур: къалэхэмрэ щӀыналъэхэмрэ щыщыӀэ щытыкӀэр», «Уи унэр бэджэнду птыным пыщӀа Ӏуэхугъуэхэр», нэгъуэщӀхэри. Гулъытэ хэха иратащ Европэ хартиер къэрал зэмылӀэужьыгъуэхэм зэрыщагъэзащӀэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу кӀэлъыплъыным. Сэ сызыхыхьэ, хэгъэгухэм щыӀэ палатэхэр зыхэплъэн хуейуэ къагъэувахэм ящыщу мыхэр къыхэзгъэщынт: «ЩӀалэгъуалэм зэпымыууэ щӀэныгъэ егъэгъуэтыныр ахэр зэпымыууэ Ӏуэхум епхауэ щыгъэтыным и зы хэкӀыпӀэщ – ар щӀыналъэхэм я къалэн хъуащ», «Европэм и щӀыналъэхэм я зыужьыныгъэр егъэфӀэкӀуэнымкӀэ мыхьэнэ иӀэщ хэгъэгухэм, щӀыналъэ зэгъунэгъухэм я зэдэлэжьэныгъэм», «ЩӀыналъэхэмрэ диаспорэмрэ», нэгъуэщӀхэри.

Зэхуэсым хэтхэм гулъытэ хэха зыхуащӀынухэм ящыщщ, дауи, коронавирус уз зэрыцӀалэм зэрызиубгъуэр. COVID-19 къызэузахэм я узыншагъэр зэрегъэфӀэкӀуэжыпхъэ Ӏэмалхэм дяпэкӀэ тепсэлъыхьыну я мурадщ, - жиӀащ Парламентым и УнафэщӀым.

Конгрессым и лэжьыгъэр жэпуэгъуэм и 28-м еух.

Фигу къэдгъэкӀыжынщи, Европэм и Советым и щӀыпӀэ, щӀыналъэ властым и конгрессыр европэпсо политикэ ассамблееш, къэрал 47-м я щӀыпӀэ, щӀыналъэ къулыкъущӀапӀэхэм я лӀыкӀуэхэр хэту.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-ӀуэхущӀапӀэ.*

# «Ӏуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупӀэм санитар хабзэхэр щызокӀуэ

**Жэпуэгъуэм и 27-м щыщӀэдзауэ «Ӏуащхьэмахуэ» курортым и кӀапсэ гъуэгухэм урикӀуэн папщӀэ QR-код, иужьрей мазихым къриубыдэу зэрысымэджамкӀэ тхылъ е узыфэр зэрыпкърымытымкӀэ ПЦР-тест уиӀэн хуейщ. Абы теухуа унафэр КъБР-м и Ӏэтащхьэм и сайтым кърагъэхьащ.**

БГЫ-ЛЫЖЭ лъэхъэнэр къызэӀуахыным ипэ зыплъыхьакӀуэ билетхэр къыщащэху кассэм деж зи гугъу тщӀа тхылъымпӀэхэр бгъэлъагъуэну къыпхуагъэувынущ. ИужькӀэ цӀыхухэм хуащӀэ Ӏуэхутхьэбзэхэм трагъэкӀуадэ зэманыр ягъэмэщӀэн папщӀэ ахэр къыщапщытэнущ кассэм пэгъунэгъуу иӀэ щӀыпӀэм. АдэкӀэ кӀуэну хуитыныгъэ яӀэ хъуа нэужь, хьэщӀэхэм кърэтынущ Ӏэпщэхъу щхьэхуэхэр, бгы-лыжэ зыгъэпсэхупӀэхэм удэзыхьей машинэхэм зэрырагъэтӀысхьэну тхылъхэр (ски-пасс) кърагъэхуну.

Унафэм зэритымкӀэ, цӀыхухэм яӀыгъын хуейщ я паспортыр, узыр зэрыпкърымытым щыхьэт техъуэ тхылъ пэжыр. QR-кодыр электрон жыпхъэм тету бгъэлъагъуэ хъунущ.

Мы зэманым «Ӏуащхьэмахуэ» курортым зыщызыгъэпсэхухэм Ӏэмал имыӀэу медицинэ нэкӀуӀулъхьэр е лыжэм тетхэм я щхьэфӀэкъуэр (балаклава) къагъэсэбэпын хуейщ. Щыгум удэзыхьей машинэхэм цӀыхуиплӀ нэхъыбэ ирагъэтӀысхьэркъым, зэпыӀукӀуэтауэ щытын папщӀэ. ЗыгъэпсэхупӀэм щагъэува шынагъуэншагъэ хабзэхэр зымыгъэзащӀэхэм я «ски-пасс»-хэр зэхуащӀ.

- Коронавирус узыфэ зэрыцӀалэр зыпкърытхэр къэтхутэн папщӀэ экспресс-тестхэр щатын мобильнэ лабораторэхэр зыгъэпсэхупӀэм къыщызэдгъэпэщыну ди мурадщ. Ар сэбэп хъунущ QR-кодыр зэзыгъэпэщыну хунэмыса хьэщӀэхэм дежкӀэ. Узыфэр зэрапкърымытым щыхьэт техъуэ тестхэр къаӀэрыхьэжа нэужь, абыхэм къащэхуфынущ бгым дэкӀыну хуит зыщӀ тхылъыр. А Ӏэмалыр лъэхъэнэр къыщызэӀутхыным ирихьэлӀэу ди лэжьыгъэм къыхэдгъэхьэнущ, - жиӀащ «КСК» АО-м и унафэщӀ ТӀымыжь Хьэсэн.

«Ӏуащхьэмахуэ» курортым Covid-19-м зыщемыгъэубгъунымкӀэ шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу цӀыхухэр куэду щызэблэкӀ щӀыпӀэхэр щӀэх-щӀэхыурэ дезинфекцэ ящӀ, Ӏэхэр зэрагъэкъабзэ Ӏэмэпсымэхэр ягъэуващ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**



# Нэхъ ткӀийуэ кӀэлъыплъынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек видеозэпыщӀэныгъэ Ӏэмалхэм тету иригъэкӀуэкӀащ Коронавирус узыфэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщемыгъэубгъуным хуэгъэпса оперативнэ штабым хэтхэм я зэӀущӀэ. Ар къыщызэӀуихым Ӏэтащхьэм жиӀащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым эпидемиологие щытыкӀэр щыгугъуущ, ауэ псори ди нэӀэ щӀэтщ. Иджыпсту госпиталхэм цӀыху 1418-рэ щӀэлъщ, гъуэлъыпӀэу республикэм 1590-рэ иӀэу аращ, абы къокӀ процент 89-кӀэ къызэрагъэсэбэпыр. Реанимацэхэм сымаджи 163-рэ щӀэлъщ, кислород дызэримащӀэми гугъуехь дыхигъэтщ».**

ЩӀЫНАЛЪЭМ и Ӏэтащхьэм къыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир уз зэрыцӀалэм зимыубгъун папщӀэ къыхилъхьа мардэхэр республикэм зэрыщагъэзащӀэр. Жэпуэгъуэм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэрым школакӀуэхэр къыщаутӀыпщащ, колледжхэмрэ еджапӀэ нэхъыщхьэхэмрэ зэпэщӀэхауэ щрагъэджэнущ. КъищынэмыщӀауэ, вакцинэ зыхезымыгъэлъхьа, зи ныбжьыр илъэс 60-м щӀигъуахэр я ӀэнатӀэм пэӀэщӀэу лэжьэнущ. Жэпуэгъуэм и 27-м щегъэжьауэ шхапӀэхэм хьэгъуэлӀыгъуэхэр, нэгъуэщӀ гуфӀэгъуэ зэхыхьэхэр щрагъэкӀуэкӀыну хуиткъым, къэфапӀэхэр, нэгузегъэужьыпӀэхэр, цӀыху куэд щызэхуэс щӀыпӀэхэр зэхуащӀащ. Щэнхабзэ ӀуэхущӀапӀэхэмрэ шхапӀэхэмрэ щӀыхьэну хуитыр QR-код зиӀэ е ПЦР-тест зыта цӀыхухэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыӀэ санитар дохутыр нэхъыщхьэ **Пагуэ Жыраслъэн** зэӀущэм хэтхэм яжриӀащ жэпуэгъуэм и 26-м ирихьэлӀэу коронавирус зыпкърыт-зыпкърымытхэр къащӀэн папщӀэ псори зэхэту къэхутэныгъэ 812737-рэ зэрырагъэкӀуэкӀар, зы жэщ-махуэм къриубыдэу ПЦР-тесту 2196-рэ зэрырагъэтар, сымаджи 122-рэ къызэрагъуэтар. БлэкӀа тхьэмахуэм елъытауэ мы махуэхэм сымаджэхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэр жиӀащ къэпсалъэм, икӀи ар къызыхэкӀыр цӀыхухэм хуагъэув мардэхэр зэрамыгъэзащӀэр, нэкӀуӀупхъуэ зэрызыӀуамылъхьэр зэрыарар игъэбелджылащ.

Пагуэ Жыраслъэн жиӀащ зи ӀуэхущӀапӀэ зиӀэ хьэрычэтыщӀэхэм, цӀыхухэм коронавирус уз зэрыцӀалэм зэрыпэщӀэт жыпхъэхэр зэрамыгъэзащӀэм къыхэкӀыу 81-м къуэды зэрытралъхьар (ар ахъшэу сом мелуани 2-м щӀегъу), ӀуэхущӀапӀэ 21-рэ зэрызэхуащӀар.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкӀэ и министр **Къалэбатэ Рустам** къыхигъэщащ сымаджэхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэм хуэдэу екӀуэкӀмэ, иджыри Шэджэм сымаджэщыр, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщыр госпиталу къызэӀуахыну зэрыхьэзырыр. Госпиталхэм лъышэр (кислородыр) къомэщӀэкӀ: мазэ и пэкӀэ зы жэщ-махуэм тонни 7 къагъэсэбэпу щытамэ, иджы ар тонн 19-м щӀегъу. Иужьрей тхьэмахуитӀым реанимацэм щӀэхуащ сымаджэхэм я процент 33-р. Амбулаторэхэм зыщагъэхъуж цӀыху 6962-м. Сымаджэхэм иджыпсту дохутыр 395-рэ ядолажьэ, медицинэм и лэжьакӀуэу 630-рэ яхэтщ, абыхэм я дэӀэпыкъуэгъуухэр 400 мэхъу.

Министрым зэрыжиӀамкӀэ, вакцинэ зыхезыгъэлъхьахэм я бжыгъэр 194519-рэ хъуащ, абыхэм ящыщу 145119-м ӀыхьитӀри зыхегъэлъхьэн яухащ. Псори зэхэту къапщтэмэ, процент 36,8-м мастэр зыхрагъэӀуащ.

ЗэӀущӀэм зыщытепсэлъыхьахэр къызэщӀакъуэжу жаӀащ дяпэкӀэ экспресс-тестхэр зэращӀынур, мардэхэр зэрагъэзащӀэм нэхъ ткӀийуэ кӀэлъыплъын, QR-код системэр зэрылажьэр нэхъ щӀэх-щӀэхыурэ къапщытэн зэрыхуейр.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

# Ӏэзагъэм хэзыгъахъуэ ӀэмалыфӀ дыдэ




**КъБР-м и Ӏэтащхьэр «Илъэсым и егъэджакӀуэ-2021» урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъуа, Май къалэ инджылызыбзэр щезыгъаджэ Къущхьэ Каринэ иджыблагъэ ӀущӀащ. Зэпеуэм къыхэжаныкӀа бзылъхугъэр Урысейм и егъэджакӀуэ нэхъыфӀ дыдэу къалъытэ цӀыху 15-м языхэз хъуащ. ЗэӀущӀэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмкӀэ, щӀэныгъэмрэ щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и министр Езауэ Анзор.**

КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек Къущхьэ Каринэ и ехъулӀэныгъэмкӀэ ехъуэхъури, ар зыпэрыт ӀэнатӀэм купщӀафӀэу зэрыщылажьэр, щӀэблэм щапхъэ хъарзынэ зэрахуэхъур къыхигъэщащ. «ЕгъэджакӀуэ ӀэщӀагъэм пщӀэшхуэ иӀэщ, абы хуэдгъэдэни щыӀэкъым. ЗэрытхузэфӀэкӀкӀэ а ӀэнатӀэм Ӏутхэм я щыӀэныгъэр ящыдгъэпсынщӀэну дыхэтщ, я щӀэныгъэмрэ ӀэщӀагъэмрэ щыхагъахъуэ курс нэхъыбэ къызэдгъэпэщыну иужь дитщ, я зэфӀэкӀым зедгъэӀэтурэ ди щӀыналъэм и мызакъуэу, урысейпсо икӀи дунейпсо утыкухэм итшэну дыхущӀокъу, - жиӀащ КӀуэкӀуэм. - Абы теухуауэ упсалъэмэ, нобэ уэ зыӀэрыбгъэхьа ехъулӀэныгъэм ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуж, мыхьэнэшхуэ идот».

Къущхьэ Каринэ КъБР-м и Ӏэтащхьэм дригъэкӀуэкӀа псалъэмакъым къызэрыхэщамкӀэ, зэпеуэр и ӀэщӀагъэм лъэщу хэгъуэзэнымкӀэ дерс хуэхъуащ. «Мы зэпеуэм си къару закъуэкӀэ сыкъыхэщыну къыщӀэкӀынтэкъым. Ди щӀыналъэм щекӀуэкӀа зэхьэзэхуэм сыщытекӀуэн, урысейпсо утыкум сихьа хъун щхьэкӀэ, гуп лэжьыгъэшхуэ къызэзнэкӀащ. Дерсым и егъэкӀуэкӀыкӀэм хэлъ щэхур ар къызэзыгъэпэщ егъэджакӀуэм хуэдэу нэхъыфӀу зылъагъуи къызыгурыӀуи щыӀэу къыщӀэкӀынкъым. Ауэ дунейм и пӀалъэ зыщӀэ, ӀэщӀагъэм илъэс куэд лъандэрэ ирилажьэхэм я ущие псалъэм, узыунэтӀ чэнджэщу къуатым куэд хэлъщ. Дерс зэмылӀэужьыгъуэхэм я къызэгъэпэщыкӀэм щӀэщыгъуэ хэлъхьэн, гуимыхуж икӀи щӀэныгъэ хэхыпӀэ хъун и ӀуэхукӀэ куэдым я сэбэп къызэкӀащ. Зэпеуэр си Ӏэзагъэм хэзыгъэхъуа ӀэмалыфӀ дыдэу къысхущӀэкӀащ, икӀи, пэжыр жыпӀэмэ, сыщогуфӀыкӀыж абы сызэрыхыхьам, зыщызгъэлъэгъуэну Ӏэмал сызэриӀам», - жиӀащ Къущхьэм.

Езауэ Анзор къызэрыхигъэщамкӀэ, «Илъэсым и егъэджакӀуэ» зэпеуэр щӀыналъэхэм щокӀуэкӀ, абы къыщыхэжаныкӀа егъэджакӀуэхэр хэгъэгум щызэпоуэжри, нэхъыфӀ дыдэхэр Урысейм ягъэакӀуэу аращ. «Хэгъэгупсо Ӏыхьэм мы гъэм цӀыху 13 щызэпеуащ. Абы къэса егъэджакӀуэхэм нэхъыфӀ дыдэр къахэтхын щхьэкӀэ, ӀэщӀагъэлӀ нэхъ лъэрызехьэхэр къедгъэблагъэри, япэщӀыкӀэ мастер-класскӀэ дызэджэ дерс лӀэужьыгъуэхэр ядедгъэкӀуэкӀащ, «Учительская газета»-м и лэжьакӀуэхэмрэ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкӀэ и министерствэм и ӀэщӀагъэлӀхэмрэ зэпыу имыӀэу Ӏуэху ядэтщӀащ, дызыхэт лэжьыгъэр къыдэхъулӀэн щхьэкӀэ я чэнджэщхэм дытемыкӀыу дытетащ. Псалъэм къыдэкӀуэу жысӀэнщи, тӀури зэпеуэм и къызэгъэпэщакӀуэхэм ящыщщ», - жиӀащ Езауэ Анзор.

Нэгъабэ екӀуэкӀа зэпеуэм «Учительская газета»-м и фӀыщӀэ тыныр зыхуигъэфэщар Къэбэрдей-Балъкъэрым икӀа, Тырныауз къалэ дэт 5-нэ гимназием Ӏэпкълъэпкъым зегъэужьынымкӀэ щэнхабзэм и дерсхэр зыт Борэн ФуӀэдщ. Зи узыншагъэм сэкъат иӀэ сабийхэм я Ӏэмалхэр къэлъытауэ, я щытыкӀэм емыгуауэу Ӏэпкълъэпкъым зезыгъэужь дерсхэр зэрадегъэкӀуэкӀыпхъэм теухуат Борэным урысейпсо утыкум ирихьа мастер-классыр. Ар къызэгъэпэщакӀуэхэмрэ къэпщытакӀуэхэмрэ хьэлэмэт ящыхъуам и закъуэкъым, абы и лъабжьэм щӀэлъ методологием гъащӀэ иӀэу, егъэджэныгъэм хэпщэн хуейуэ къалъытат. «Илъэсым и егъэджакӀуэ» урысейпсо зэпеуэр мы гъэм 32-у екӀуэкӀащ. А зэманым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы я зэфӀэкӀыр щагъэлъэгъуащ цӀыху 23-м. ЦӀыхуихыр а зэпеуэм и лауреат хъуащ.

ЗэӀущӀэм ди щӀыналъэм егъэджэныгъэр зэрыщызэтеублам хэлъ Ӏуэхугъуэхэм щрипсэлъащ. Псалъэм папщӀэ, сабийр гъэсэнымкӀэ егъэджакӀуэм иӀэ мыхьэнэм и гугъу ящӀащ. «ЕгъэджакӀуэр пщэдейрей махуэхэм и ухуакӀуэщ. Абы къыгурыӀуэн хуейщ щӀэныгъэ зрит сабийм и зэхэщӀыкӀым зэрызригъэужьым къыдэкӀуэу, гъэсэныгъэ хэхаи зэрыбгъэдилъхьэр. Бгъасэм зэхебгъэхыну узыхущӀэкъум къыдэкӀуэу, гъэсэным жиӀэнкӀэ хъунури, жиӀэфынури зэхэпхын хуейщ. - жиӀащ КӀуэкӀуэм. - КъытщӀэхъуэ щӀэблэр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу щӀэпӀыкӀын хуейщ ди щӀыналъэми къэралми лъапӀэныгъэу къалъытэ щэнхабзэ хъугъуэфӀыгъуэхэм. Ар къыщамылъытэ къэхъуакъым, ауэ егъэджэныгъэм гъэсэныгъэр и фащэу зэрыщытын хуейм куэдым трагъэчыныхьу хуежьащи, къабыл сымыщӀынкӀэ Ӏэмал иӀэкъым».

Мы Ӏуэхур Къущхьэ Каринэ узыблэкӀ мыхъуну къызэрилъытэр къыхигъэщри, и еплъыкӀэмкӀэ Ӏэтащхьэм дэгуэшащ: «ЩӀыналъэ къэс егъэджакӀуэхэр зэрыт щытыкӀэхэр зэщхькъым. Абы щхьэусыгъуэ куэд иӀэщ, ауэ егъэджакӀуэм мы Ӏуэхум хуиӀэ еплъыкӀэр Ӏэмалыншэу къэхутэн хуейщ. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэр еджапӀэм щезыхьэкӀыр аращи, къэрал унафэу къехым хэлъын хуей «цӀыхугъэм» абыхэм я псалъэр хэмылъмэ, ди щыщӀэныгъэхэм къытедгъэзэ зэпыту кӀуэнущ».

КӀуэкӀуэ Казбек арэзы дэхъуащ Къущхьэм къыхилъхьа жэрдэмым: «Илъэсым и егъэджакӀуэ» зэпеуэм и пщӀэр ди щӀыналъэм къыщыӀэтын хуейщ.

ЗэӀущӀэм и кӀэухыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Ӏэтащхьэм «Илъэсым и егъэджакӀуэ-2021» зэпеуэм и щӀыналъэ, хэгъэгупсо, урысейпсо Ӏыхьэхэм хэта дэтхэнэми фӀыщӀэ яхуищӀащ, псоми ехъулӀэныгъэ зэрызыӀэрагъэхьар, нэгъэсауэ зэрыегъэджакӀуэфӀыр утыку къызэрихьам къызэригъэлъэгъуар жиӀащ.

Фигу къэдгъэкӀыжынщи, КъБР-м и Ӏэтащхьэм и Унафэм ипкъ иткӀэ, мы гъэм щегъэжьауэ егъэджэныгъэ олимпиадэхэм я урысейпсо икӀи хэгъэгупсо Ӏыхьэхэм къыщыхэжаныкӀахэми, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакӀуэхэми ахъшэ саугъэтхэр иратынущ. Унафэм ипкъ иткӀэ, мы гъэм егъэджакӀуэ 56-м я фӀыщӀэр къыхагъэщащ, ахъшэ тыгъэхэри иратащ. Абы къищынэмыщӀауэ, КъБР-м и Ӏэтащхьэм къищта унафэм ипкъ иткӀэ, егъэджакӀуэхэм я лэжьапщӀэр проценти 10-кӀэ хагъэхъуащ. ЛэжьапщӀэр зэрыхагъахъуэ программэр илъэсищым теухуащ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

### «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къызэращтам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2021 гъэм фокІадэм и 30-м*

**1 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал ныпым и ІуэхукІэ» 1994 гъэм шыщхьэуІум и 4-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №11-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 2-нэ статьям:

2. 1) етІуанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым,» псалъэхэр хэгъэкІын;

2) етхуанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Конституцэ Судым и УнафэщІым,» псалъэхэр хэгъэкІын.

2. 3-нэ статьям хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и УнафэщІым,», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым,» псалъэхэр хэгъэкІын.

**2 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербым и ІуэхукІэ» 1994 гъэм шыщхьэуІум и 4-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №12-РЗ-м и 2-нэ статьям мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) 1-нэ пунктым хэгъэкІын «,Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и унафэхэр» псалъэхэр;

2) 2-нэ пунктым хэгъэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым,», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Аппаратым,» псалъэхэр;

3) 3-нэ пунктым хэгъэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым» псалъэхэр;

4) 4-нэ пунктым хэгъэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и УнафэщІым,», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым,» псалъэхэр.

**3 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ІуэхукІэ» 1999 гъэм мазаем и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №5-РЗ-м и 5-нэ статьяр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхыжын:

«5 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хыхьэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хохьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэхэр, министрхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хигъэхьэ хъунущ къулыкъу зыІыгъ нэгъуэщІ цІыхухэри.».

**4 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьэ икІи абыхэм къару зэрагъуэт щІыкІэм и ІуэхукІэ» 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №26-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 4.1-нэ статья дэщІыгъужын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«4-1 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ зэрыхалъхьэм и ІуэхукІэ законым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Іэ зэрыщІидзыр икІи ар хэІущІыІу зэрищІыр

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законыр къыщащтам щегъэжьауэ махуипщІым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуагъэхь Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ зэрыхалъхьэм теухуа законыр щыхуагъэхьам щегъэжьауэ махуэ пщыкІуплІым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм абы Іэ щІедзри хэІущІыІу ещІ е а законыр пхигъэкІыркъым.

3. Урысей Федерацэм и Президентыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законыр конституцэ мардэм къызэрезэгъыр къипщытэн папщІэ Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым щыщІэупщІамэ, абы Іэ щыщІадзыну икІи хэІущІыІу щащІыну пІалъэр къызэтрагъэувыІэ Урысей Федерацэм и Конституцэ Судыр Іуэхум щыхэплъэ зэманым.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм и ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законыр конституцэ мардэм къызэрезэгъыр Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым щІигъэбыдамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым зыхуэфащэ унафэр къыщищтам щегъэжьауэ махуищым къриубыдэу абы Іэ щІедз икІи хэІущІыІу ещІ.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм и ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законыр конституцэ мардэм къызэрезэгъыр Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым щІимыгъэбыдамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа махуищ пІалъэм къриубыдэу ар Іэ щІимыдзу икІи хэІущІыІу имыщІу Парламентым егъэхьыж (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм и ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым Іэ щІидзауэ щытамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм абы щІидза Іэм кърегъэгъэзэж).».

2. 5-нэ статьям:

1) псалъащхьэм хэт «къимыщтар» псалъэр зэхъуэкІын «къимыщтар (зригъэгъэзэжар)» жиІэу;

2) 1-нэ Іыхьэм хэт «республикэм» псалъэр хэгъэкІын;

3) 2-нэ Іыхьэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхыжын

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм и ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым къытрагъэзэжу щыхэплъам ар зэрыщыта дыдэм хуэдэу Парламентым и депутат псоми я Іыхьэ плІанищым мынэхъ мащІэм къащтэжамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм ар къыщыІэрыхьэжам щегъэжьауэ махуиблым къриубыдэу Іэ щІидзын хуейщ.»;

4) 4-нэ Іыхьэ дэщІыгъужын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм и ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым мы Законым и 4-1-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм иригъэгъэзэжамэ, а законым Парламентыр къытрегъэзэжри хоплъэ икІи Урысей Федерацэм и Конституцэм къемызэгъ Іуэхухэр хегъэкІ е адэкІэ зэлэжьынухэм хигъэхьэжыркъым.».

**5 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэм я ІуэхукІэ» 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №29-РЗ-м и 20-нэ статьяр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхыжын:

«20 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм, федеральнэ къэрал органхэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ органхэм я лэжьакІуэхэм къэрал наградэхэр етыным теухуа Іуэхухэр зыхуэфащэ органым зэриубзыхуам ипкъ иткІэ мы Законым тету къыхалъхьэ.».

**6 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и правовой актхэм я ІуэхукІэ» 2002 гъэм шыщхьэуІум и 3-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №52-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 6-нэ статьям и Іыхьэ 2-м и 2-нэ пунктым къару имыІэжу къэлъытэн.

2. 8-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэн.

> **«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къызэращтам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**
>
> ## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ
>
> Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:
>
> 1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къызэращтам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
>
> 2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.
>
> 3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.
>
> **Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ**
>
> *Налшык къалэ*
> *2021 гъэм фокІадэм и 30-м*
> *№359-П-П*

3. 43-нэ статьям 1-1-нэ Іыхьэ дэщІыгъужын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«1-1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищта законыр конституцэ мардэм къызэрезэгъыр къипщытэн папщІэ Урысей Федерацэм и Президентым Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым зыхуигъэзамэ, а законым Іэ щыщІадзыну икІи хэІущІыІу щащІыну пІалъэр къызэтрагъэувыІэ Урысей Федерацэм и Конституцэ Судыр а упщІэм щыхэплъэ зэманым.

Законыр конституцэ мардэм къызэрезэгъыр Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым щІигъэбыдамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм абы Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым зыхуэфащэ унафэр къыщищтам щегъэжьауэ махуищ пІалъэм къриубыдэу Іэ щІедз икІи хэІущІыІу ещІ.

Законыр конституцэ мардэм къызэрезэгъыр Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым щІимыгъэбыдамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм ар ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа махуищ пІалъэм къриубыдэу Іэ щІимыдзу икІи хэІущІыІу имыщІу Парламентым егъэхьыж (законым Іэ щІидзауэ щытамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм а законым щІидза Іэм кърегъэгъэзэж).».

4. 45-нэ статьям:

1) псалъащхьэм хэт «къимыщтар» псалъэр зэхъуэкІын «къимыщтар (зригъэгъэзэжар)» жиІэу;

2) 3-1-нэ Іыхьэ дэщІыгъужын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«3-1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм мы Законым и 43-нэ статьям и 1-1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ а законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым игъэхьыжамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр а законым къытрегъэзэжри хоплъэ икІи Урысей Федерацэм и Конституцэм къемызэгъыу къалъыта Іуэхухэр хегъэкІ е адэкІэ зыхэплъэнухэм хигъэхьэжыркъым.».

5. 76-нэ статьям и Іыхьэ 2-нэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу зэхъуэкІын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр официальнэу къызэрыбгурыІуэнур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым егъэбелджылы республикэ законымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентымрэ япкъ иткІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр официальнэу къызэрыбгурыІуэнум теухуа актхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и унафэу къащтэ.».

6. 77-нэ статьям:

1) 1-нэ Іыхьэм къару имыІэжу къэлъытэн;

2) 1-1-нэ Іыхьэм хэт «КъызэрыбгурыІуэнур» псалъэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр официальнэу къызэбгурыІуэнур,» жиІэу.

**7 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КъэзыпщытэкъэзыбжкІэ палатэм и ІуэхукІэ» 2003 гъэм накъыгъэм и 29-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №53-РЗ-м и 6-1-нэ статьям и Іыхьэ 3-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и УнафэщІым,» псалъэхэр хэгъэкІын.

**8 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ІуэхукІэ» 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №110-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 6-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм хэт «мардэхэм» псалъэм къыкІэлъыкІуэу дэщІыгъужын «ялэжь мыхъунухэм» жиІэу.

2. 8-нэ статьям:

1) 1-нэ пунктыр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхыжын:

«1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр къэщтэнымрэ ар къызэрыбгурыІуэнур официальнэу убзыхунымрэ, абы зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр, республикэ законхэр официальнэу къызэрыбгурыІуэнур убзыхуныр, абыхэм зэрытетымрэ ахэр зэрагъэзащІэмрэ кІэлъыплъыныр;»;

2) 3-нэ пунктым хэт «Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэм-кІэ и Советым хэтыр» псалъэхэр зэхъуэкІын «сенаторыр» жиІэу;

3) 6-нэ, 16-нэ пунктхэм къару ямыІэжу къэлъытэн.

3. 15-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм и ещанэ псалъэухар хэгъэкІын.

4. 16-нэ статьям:

1) 1-нэ Іыхьэм хэгъэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьэ щІыкІэм и ІуэхукІэ» псалъэхэр;

2) 2-нэ Іыхьэм хэт «къызэбгурыІуэнур» псалъэр зэхъуэкІын «официальнэу къызэбгурыІуэнур» жиІэу.

5. 17-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм:

1) 1-2-нэ пункт дэщІыгъужын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«1-2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр, республикэ законхэр официальнэу къызэбгурыІуэнум теухуа акт ятх;»;

2) 7-нэ пунктым къару имыІэжу къэлъытэн.

6.19-нэ статьям и Іыхьэ 6-м дэщІыгъужын «сессием и лъэхъэнэм» псалъэхэр.

7. 21-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм и 3-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым» псалъэхэр хэгъэкІын.

8. 24-нэ статьям и 8-нэ Іыхьэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судыр» псалъэхэр хэгъэкІын.

**9 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я системэм и ІуэхукІэ» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №40-РЗ-м и 6-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къару имыІэжу къэлъытэн.

**10 статья**

«ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и ІуэхукІэ» 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №83-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 8-2-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм и 5-нэ пунктым къару имыІэжу къэлъытэн.

2. 25-нэ статьям и Іыхьэ 1-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым» псалъэхэр хэгъэкІын.

**11 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал граждан ІэнатІэм и къулыкъухэм я реестрым я ІуэхукІэ» 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №20-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрым и епщыкІубланэ-етІощІанэ абзацхэм къару ямыІэжу къэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал граждан ІэнатІэм и къулыкъухэм я реестрым и 7-нэ разделым къару имыІэжу къэлъытэн.

**12 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я ІуэхукІэ» 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №32-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 5-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и 2-нэ пунктым хэт «абыхэм ящыщу» псалъэхэр хэгъэкІын.

2. 8-нэ статьям и 3-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судыр» псалъэхэр хэгъэкІын.

3. 9-1-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм:

1) япэ абзацым хэт «,Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым» псалъэхэр хэгъэкІын;

2) етІуанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым хиубыдэр,» псалъэхэр хэгъэкІын.

4. 10-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщІэхэмрэ» псалъэхэр хэгъэкІын.

5. 14-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм:

1) 2-2-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщІэхэр,», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым,» псалъэхэр хэгъэкІын;

2) 6-нэ пунктыр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхыжын:

«6) Урысей Федерацэм и гражданствэ зэримыІэжым е Урысей Федерацэм и цІыхум нэгъуэщІ къэралым и гражданствэ, нэгъуэщІ къэралым зэпымыууэ щыпсэуну хуит зэращІ нэгъуэщІ документ иІэмэ;».

6. 15-нэ статьям хэт «икІи наградэ ират» псалъэр «(наградэ ират)» псалъэмкІэ зэхъуэкІын.

**13 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ хабзэ мардэхэм я актхэмкІэ регистрыр къызэрызэрагъэпэщымрэ зэратхымрэ я ІуэхукІэ» 2009 гъэм мазаем и 27-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №18-РЗ-м и 4-нэ статьям и 5-нэ пунктым къару имыІэжу къэлъытэн.

**14 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэмрэ я лэжьэкІэм теухуа информацэр зэІухауэ къызэгъэпэщыным и ІуэхукІэ» 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №42-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Псалъащхьэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу зэхъуэкІын:

«ЗэзыгъэкІуж судыщІэхэм я лэжьэкІэм теухуа информацэр зэІухауэ къызэгъэпэщыным и ІуэхукІэ».

2.Преамбулэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым» псалъэхэр хэгъэкІын.

3. 1-нэ статьям:

1) 1-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судымрэ» псалъэхэр хэгъэкІын;

2) 2-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и аппаратыр,» псалъэхэр хэгъэкІын.

4. 2-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и 1-нэ пунктым хэт «конституцэ» псалъэр хэгъэкІын.

5. 5-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэн.

6. 6-нэ статьям:

1) 2-нэ, 4-нэ Іыхьэхэм къару ямыІэжу къэлъытэн;

2) 5-нэ Іыхьэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым» псалъэхэр хэгъэкІын.

7. 7-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къару имыІэжу къэлъытэн.

8. 8-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым,» псалъэхэр хэгъэкІын.

**15 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм я лэжьэкІэм теухуа информацэр зэІухауэ къызэгъэпэщыным и ІуэхукІэ» 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №96-РЗ-м и 1-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и 4-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судымрэ» псалъэхэр хэгъэкІын.

**16 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и къызэгъэпэщыкІэмрэ бюджет лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІымрэ я ІуэхукІэ» 2011 гъэм мазаем и 11-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №11 РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныъгэхэр хэлъхьэн:

1. 29-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм и 11-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым» псалъэхэр хэгъэкІын.

2. 55-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и еплІанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судыр,» псалъэхэр хэгъэкІын.

**17 статья**

«ХьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и ІуэхукІэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №328-РЗ-м и 18-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и 4-1-нэ пунктым къару имыІэжу къэлъытэн.

**18 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и ІуэхукІэ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м и 4-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм и 9-нэ пунктыр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхыжын:

«9) Урысей Федерацэм и гражданствэ зэримыІэжым е нэгъуэщІ къэралым и гражданствэ къызэрыратам, апхуэдэу Урысей Федерацэм и цІыхур зэпымыууэ нэгъуэщІ къэралым и щІыналъэм щыпсэуну хуит зэращІ нэгъуэщІ документ депутатым иІэмэ;».

**19 статья**

1. Мы статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ нэгъуэщІ зэманхэм къару зыгъуэт положенэхэм нэмыщІ, мы Законым къару егъуэт 2022 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ.

2. Мы Законым и 3-нэ, 4-нэ, 5-нэ статьяхэм, 6-нэ статьям и 3-нэ, 4-нэ Іыхьэхэм, 8-нэ статьям и Іыхьэ 1-м, Іыхьэ 2-м и 2-нэ пунктым, 3-нэ, 4-нэ Іыхьэхэм, 5-нэ Іыхьэм и 2-нэ пунктым, 9-нэ статьям, 12-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм и 2-нэ пунктым, 6-нэ Іыхьэм, 16-нэ, 17-нэ, 18-нэ статьяхэм къару ягъуэт Законыр официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщІ дэкІмэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м*
*№35-РЗ*

# ГъущІ лъапІэхэм къыхэщІыкІа ахъшэхэр



**Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм дяпэкІэ щагъуэтынущ инвестицэ зыхалъхьэ «Георгий Победоносец» дыщэ ахъшэхэр. Ахэр сом 25-рэ, 100, 200-м хуэкІуэу щытынущ. «Георгий Победоносец» ахъшэщІэхэр Урысейм и Банкым къыдигъэкІащ 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м. Псори зэхэту абыхэм я куэдагъыр 100000 хъууэ аращ. Ахъшэхэр къыхэщІыкІащ 999 фІагъ зиІэ дыщэм.**

КЪИЩЫНЭМЫЩІАУЭ, банкым ещэ нэхъапэІуэкІэ къыдагъэкІа, псоми яцІыху, сом 50 хъу «Георгий Победоносец» дыщэ ахъшэхэр. Ахэр къыщыпщэху хъунущ «Мэкъумэшбанкым» и маркетплейс интернет гуэдзэным. Дыщэ ахъшэ 20-м щІигъу къэзыщэхум дэзычых зиІэ уасэ щхьэхуэ къыхуагъэлъагъуэ. Апхуэдэу Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и дэтхэнэ къудамэми къыпІэрагъэхьэнущ. Абыхэм узыхуейм хуэдиз дыщэ ахъшэ щымыІэмэ, «Нэхъыбэ сыхуейщ» кнопкэмкІэ узыхуэныкъуэм хуэдиз къыпхуашэну хъыбар ебгъащІэ хъунущ.

2020 гъэм и фокІадэм «Мэкъумэшбанкым» иригъэжьащ маркетплейс интернет напэкІуэцІыр. Иджыпсту сайтым къыщыхьащ фэеплъ, инвестицэ ахъшэ зэмылІэужьыгъуэ 500-м щІигъу. НапэкІуэцІыр къызэІузыхам абы щигъуэтынущ езым е махуэшхуэ гуэрым хухэха хьэлэмэт куэд. Псоми зыщыбгъэгъуазэ хъунущ Банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэхэм е интернет-тыкуэным http://coins.rshb.ru.

«2021 гъэр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ищащ ахъшэ 246-рэ, абыхэм ящыщу 124-рэ «Георгий Победоносец» кІыдэкІыгъуэм щыщщ. Псори зэхэту сом мелуани 4,3-рэ къыпэкІуащ икІи гъущІ лъапІэхэм къыхэщыкІа ахъшэхэр щэным теухуауэ щыІэ планыр проценти 132-кІэ дгъэзэщІа хъуащ. ИщхьэкІэ зи гугъу тщІа ІуэхугъуэхэмкІэ къудамэм иригъэжьа жыджэрагъым тетщ», - къыхигъэщащ Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## Гъунапкъэр зэІуахыж

**Коронавирус узыфэ зэрыцІалэм дуней псор зригъэува щытыкІэм ипкъ иткІэ, Израилым и гъунапкъэхэр зэман кІыхькІэ зэхуэщІауэ щытащ. Мы гъэм и жэпуэгъуэ мазэм унафэ къащтащ Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм фІагъ иІэу къилъыта Pfizer, Moderna, AstraZeneca, Sinovas, Sinopfarm, Janssen вакцинэр зыхезыгъэлъхьа туристхэр къэралым ирагъэхьэну.**

МЫ махуэхэм Израилым и премьер-министр Беннетэ Нафтали иригъэкІуэкІа зэІущІэм къэралым туризмэмкІэ и министр Развозов Константин «Спутник V»-р зэзыхьэлІахэми апхуэдэ хуитыныгъэ етыным теухуауэ къыхилъхьа жэрдэмыр щыдаІыгъащ.

## Хьэпшыпхэм хагъахъуэ

**Мылэжьэгъуэ махуэхэм, жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ щэкІуэгъуэм и 7 пщІондэ, Москва щызэхуащІынущ фадэ щащэ тыкуэнхэр. АбыкІэ арэзыкъым хьэрычэтыщІэхэр.**

МОСКВА къалэм и мэр Собянин Сергей къыдигъэкІа унафэм итщ цІыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкІхэмрэ ящыщу процент 30-м нэхърэ нэхъ мащІэ зыщІэлъ сату щащІ щІыпІэхэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыІапхъэу.

- НэхъапэкІэ цІыхухэр унэм щыдагъэтІысхьэжам апхуэдэ хабзэхэр къагъэувакъым. Абы къищынэмыщІауэ, сату ІуэхухэмкІэ законым фадэр ерыскъыпхъэхэм хебжэ. Москва и унафэщІхэм ар шхыныгъуэхэм хэмыту къалъытэмэ, къыдагъэкІа унафэм къыщагъэлъэгъуэн хуеящ, - жаІэ апхуэдэ тыкуэнхэр зыгъэлажьэхэм.

Иджы а тыкуэнхэр зэхуамыщІын папщІэ цІыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ ерыскъыгъуэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ нэхъыбэу щІалъхьэн щІадзащ.

### Жэпуэгъуэм и 28, *махуэку*

✦**Анимацэм и дунейпсо махуэщ**

✦**УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я дзэ авиацэм и махуэщ**

✦**Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ анэшхуэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я махуэр**

✦**1900 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа икІи и классик **ЩоджэнцІыкІу Алий**.

✦**1952 гъэм** къалъхуащ юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Мысрокъуэ Замир**.

✦**1964 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, КъШР-м къэрал къулыкъур зехьэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Астэжь Францескэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, ди республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

### Жэпуэгъуэм и 29, *мэрем*

✦**Инсультым пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**

✦**Комсомолыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

✦**1943 гъэм** Налшык ФЗО школ къыщызэІуахащ.

✦**1930 гъэм** къалъхуащ АР-м и цІыхубэ тхакІуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Пэнэф Сэфар**.

✦**1934 гъэм** къалъхуащ юрист, тхакІуэ **Сэрахъэ Александр**.

✦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Балъкъэр Тамарэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, ди республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Лъэпкъыншэр насыпыншэщ.**

# Кавказ Ищхъэрэм щыщыIэ щытыкIэр



**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий видеоконференц мардэм тету иригъэкIуэкIащ КИФЩI-м ЛэжьыгъэмкIэ щыIэ хабзэхэм тету цIыхухэр IэнатIэ гъэувынымкIэ ведомствэхэмкIэ и комиссэм и япэ зэIущIэр. Абы хэтащ УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мухтияровэ Еленэ, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кикоть Андрей, КИФЩI-м щыIэ МВД-м и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Бачурин Сергей, щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, зи гугъу ящI Iуэхум епха федеральнэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Чайкэ Юрий къыхигъэщащ ЛэжьыгъэмкIэ щыIэ хабзэхэм тету цIыхухэр IэнатIэ гъэувынымкIэ ведомствэхэмкIэ комиссэр УФ-м и Президент Путин Владимир 2021 гъэм шыщхьэуIум и 29-м къахуищIа пщэрылъым ипкъ иткIэ къызэрызэрагъэпэщар. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и дежкIэ зи гугъу ящI Iуэхур мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лэжьапIэншагъэр, зи къарукIи зи акъылкIи IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэлъэщын цIыхухэр мымащIэми, лэжьыгъэ хабзэхэм тету я Iуэхур къызэгъэпэщыным езыхэр зэрыхущIэмыкъур.

- Абы ипкъ иткIэ дызэрыхуа щытыкIэм къытхуегъэув IуэхущIапIэхэмрэ цIыхухэмрэ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэным теухуауэ яIэ еплъыкIэхэм зегъэхъуэжыным тегъэгушхуэнымкIэ хэкIыпIэхэр къэлъыхъуэныр, апхуэдэу а хабзэхэр къызэпызыудхэм кIэлъыплъ органхэм я хуитыныгъэхэм зегъэубгъуныр. «Росстат»-м къызэригъэлъагъуэмкIэ, КИФЩI-м и щIыналъэхэм щыIэ IуэхущIапIэ «гъэпщкIуахэм» щылажьэхэр куэд мэхъу, къапщтэмэ, ар къэралым ику иту къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэм нэхърэ тIукIэ нэхъыбэщ.

Iуэхур егъэфIэкIуэнымкIэ я еплъыкIэхэр къаIуэтащ зэIущIэм хэтахэм. Апхуэдэу лэжьыгъэм и хабзэхэр къызэпамыуду я щIыналъэм и цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъум тепсэлъыхьащ Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм я Iэтащхьэхэу Меликов Сергейрэ Меняйлэ Сергейрэ.

- Хэгъэгу унафэщIхэр щIэгъэхуэбжьауэ мы Iуэхум и ужь фихьэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэхигъэува планыр и лъабжьэу лэжьыгъэм и хабзэхэр къызэпызыуду цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщхэр къыщIэгъэщынымкIэ щыIэ щIыналъэ комиссэхэм кIэлъыплъыныгъэхэр ткIийуэ ирагъэкIуэкIыпхъэщ. Сэ схузэфIэкIымкIэ дэIэпыкъуэгъу сыфхуэхъунущ. Къэралым и экономикэм къыпекIуэкIыу цIыхухэр гъэпщкIуауэ IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщхэм я щхьэ и фейдэщ зэрахуэр, мыдрейхэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэн хуей хуитыныгъэхэр хабзэкIэ хъума хъуркъым. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр апхуэдэ цIыхухэм сыт и лъэныкъуэкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр ялъыдгъэсынырщ, - жиIащ Чайкэ Юрий.

* * *

**УФ-м и Президент Путин Владимир пщэрылъ къызэрыщищIам тету, къэрал Iэтащхьэм и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Чайкэ Юрий КИФЩI-м хыхьэ хэгъэгухэм я унафэщIхэм ядригъэкIуэкIащ щIыналъэм щыIэ санитар-эпидемие щытыкIэм теухуа зэIущIэ.**

«РОСПОТРЕБНАДЗОР»-м къызэритымкIэ, коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэми гриппми игъэсымаджэхэм я бжыгъэм мы мазэм фIыуэ хэхъуащ. Вирусыр зи лъабжьэ узыфэхэм зэуэ зэрызаубгъум къыхэкIыу щытыкIэр куэдкIэ нэхъ хьэлъэщ, щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэм я лэжьыгъэми къыхэхъуащ.

Жэпуэгъуэм и 25-м ирихьэлIэу КИФЩI-м щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр къызэщIэпкъуэжмэ, коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зиубгъун зэрыщIидзэрэ сымаджэ хъуащ цIыху мин 284-м щIигъу, иужьрей тхьэмахуитIым абы къыхэхъуащ мин 17. Мы зэманым узыр зыпкърытхэм я бжыгъэр мин 26,6-рэ мэхъу. Сымаджэ нэхъыбэ здэщыIэр Ставрополь крайрщ - мин 16,9-рэ.

Узыгъэгузавэщ COVID-19-м илIыкIхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэри. Узыфэм зиубгъун зэрыщIидзэрэ абы ихьащ цIыху 9737-м я гъащIэр, иужьрей тхьэмахуитIым 1104-м.

- Иджыпсту щIыналъэм щыIэ сымаджэхэм я бжыгъэр Урысейм ику иту къыщыгъэлъэгъуам фIэкIыркъым. Ар хэмыхъуэн папщIэ къарууи Iэмалуи диIэр Iуэхум етхьэлIэн хуейщ. Жэпуэгъуэм и 20-м УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм хэтхэм щаIущIам къэралым щыIэ эпидемиологие щытыкIэм тепсэлъыхьащ икIи ар и пIэм игъэувэжынымкIэ унафэ зыбжанэ ищIащ. Абы ипкъ иткIэ УФ-м и Правительствэр махуэ къэс кIэлъыплъынущ сымаджэхэр хущхъуэкIэ, лъышэкIэ (кислородкIэ) къызэгъэпэща зэрыхъум. УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ дащIащ щытыкIэр щынэхъ хьэлъэ щIыналъэхэм зыщIагъэкъуэну. УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм апхуэдэ хэгъэгухэр Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэмкIэ къызэригъэпэщынущ. ЗэрыфIэгъуэщи, узыфэм дызэрыпэщIэтын къару щхьэхуэхэр диIэщ, ди щIыналъэхэм щыIэ эпидемие щытыкIэр нэхъыкIэ мыхъу щIыкIэ а Iэмалхэр къэвгъэсэбэп. А псоми къыдэкIуэу хэгъэгу унафэщIхэм фи къалэнщ вакцинэр цIыху нэхъыбэм зыхегъэлъхьэныр къызэгъэпэщыныр, коронавирус узыфэ зэрыцIалэм земыгъэубгъунымкIэ ягъэува санитар жыпхъэхэр зэрагъэзащIэм ткIийуэ фыкIэлъыплъыныр, - жиIащ Чайкэ Юрий.

Псалъэмакъым къызэрыхэщамкIэ, жэпуэгъуэм и 25-м ирихьэлIэу КИФЩI-м вакцинэм и пкъыгъуитIри зыхезыгъэлъхьахэм я бжыгъэр процент 29-м нэблагъэу аращ. Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псори къапщтэмэ, узым зэрыпэщIэт мастэхэр зыхезыгъэлъхьэхэм я бжыгъэм хохъуэ, ауэ абы земыгъэубгъун папщIэ адэкIэ щIэгъэхуэбжьауэ цIыху нэхъыбэ къызэщIегъэубыдэн хуейщ.

- Нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр узыфэм псынщIэу зэрызиубгъур къызэтегъэувыIэнырщ, медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуэныкъуэ псомкIи а Iуэхум хуэхьэзыру къызэгъэпэщынырщ. ЩытыкIэм фригъэувалIэмэ, санитар хабзэхэр нэхъ ткIий зэрыфщIыным фыхущIэкъу, фи къарукIэ фыпэмылъэщмэ, федеральнэ органхэм я дэIэпыкъуныгъэр и чэзум къызэдгъэпэщыфын хуэдэу, зэманыр фымыгъакIуэу хъыбар сывгъащIэ, - жиIащ Чайкэ Юрий.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Махуэку

Экономикэ • Политикэ • Кавказ Ищхъэрэ • Жылагъуэ Iуэху

# Бжыгъэхэм къаIуатэ

• 2050 гъэм ирихьэлIэу Евросоюзым щыпсэухэм я процент 20-р муслъымэну щытынущ. Абыхэм я нэхъыбэр Нидерландхэм, Великобританием, Испанием щыIэнущ. Муслъымэнхэм я бжыгъэр Евросоюзым щIыщыхэхъуэнум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэщ абы хыхьэ къэралхэм лIэщIыгъуэ блэкIам и 50 - 70 гъэхэм Iэпхъуахэм я унагъуэхэм куэд къызэрыщалъхур. Европейхэм я деж ар щехуэх зэпытщ икIи мыгувэу игъащIэ лъандэрэ щыпсэуахэр языныкъуэ къалэ инхэм къэIэпхъуахэм нэхърэ нэхъ мащIэ щыхъунущ. Япэу ар къыщыщIыну хуагъэфащэ Инджылызым инагъкIэ етIуанэу щыщыт Бирмингем.

• Урыс мелуан 1,3-рэ иджыпсту хамэ къэралхэм щопсэу. Псори зэхэту иужьрей илъэс 50-м къриубыдэу Урысейр ди хэкуэгъу мелуан 20-м ябгынащ. Ахэр нэхъыбэу Iэпхъуащ Германием - процент 30-р, Алыджым - проценти 5,3-р, США-м - проценти 2,3-р.

• Урысейм щыпсэухэм я процент 25-м я фейдэ хэлъщ жылагъуэм коррупцэр щызекIуэным. Апхуэдэу 2009 гъэм Къэрал Думэм къыщыпсалъэу жиIащ УФ-м юстицэмкIэ и министр Коноваловов Александр.

# НэгъуэщI лъэпкъым щыщ псэгъу пщIамэ...

**Илъэс зыбжанэ ипэкIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Орбакайте Кристинэрэ мелуанырыбжэ Байсаров Русланрэ я сабийр зэрызэпаубыдам жылагъуэр иджыри зэ иригъэгупсысыжащ нэгъуэщI лъэпкъым щыщ псэгъу пщIымэ, абы гугъуехь куэд дыдэ зэрыпыщIам.**

ЛЪЭПКЪ куэд, дин зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ здэщыIэ ди къэралым а Iуэхугъуэм щытемыпсэлъыхьмэ, абы къыпекIуэкIмэ нэхъ къащтэ. АрщхьэкIэ, гъащIэм къигъэув упщIэхэми жэуап ягъуэтын хуейщ.

Зи анэр урыс (Пугачёвэ Аллэ) зи адэр Прибалтикэм щыщ лъэпкъхэм языхэзым къыхэкIа Орбакайте Кристинэ етIуанэу унагъуэ щиухуэм кууэ егупсысауэ къыщIэкIынукъым зи пIэщхьагъыр зы ищI шэшэн щIалэ Байсаров Руслан гугъуехь гуэрхэр зэгуэр дишэчыну. Ар къулейт, гъэсат, набдзэгубдзаплъэу къыхущытт, фIыуэ къилъагъурт.

Пэж дыдэуи зыкъомрэ хъарзынэу зэдэпсауащ, уеблэмэ, япэу зи щхьэгъусэу щыта Пресняков Владимир Орбакайте дигъуэта щIалэри езыхэм зэдайм хуэдэу, зэгурыIуэу зэдапIырт. Мыгувэу Кристинэрэ Русланри къуэ яIэ хъуащ.

Зэман дэкIри, псалъэмакъ мыщхьэпэхэр къэхъейуэ хуежьащ икIи, икIэмикIэжым, зэбгъэдэкIыжын хуей хъуащ. Дауи, апхуэдэхэм и деж быныр къызыхуэнэнур хэтми япэ къощ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм абы хуаIэ бгъэдыхьэкIэр урысей хабзэхэм къагъэувым зыкъомкIэ къыщхьэщокI. Зэщхьэгъусэхэр щызэбгъэдэкIыжым и деж шэшэнхэмрэ ингушхэмрэ сабийр къызыхуагъанэр адэращ, Дагъыстэным и лъэпкъ куэдым нэгъуэщIхэм къыхэкIахэм, уеблэмэ хамэ къуажэ щыщхэм, муслъымэн нэчыхь фIэкIа хурагъэтхыркъым. Езыхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэ яIэжщ Азие Курытым щыпсэухэми.

Аращи, нэгъуэщI лъэпкъым щыщым дэкIуэн и пэкIэ дэтхэнэ цIыхубзми быдэу зэпилъытэн хуейщ ар абы хэзэгъэфынрэ къытехьэлъэнрэ. Нэм къыщхьэрипхъуа лъагъуныгъэм къиущынэмыщIауэ, бзылъхугъэр щыгъуазэу щытыпхъэщ зыхыхьэнухэм я хабзэмрэ къекIуэкIыкIэмрэ икIи ахэр къиущтэфынумэ, абы щыщ зы хъуфынумэ, итIанэщ унагъуэ щихьапхъэр.

- Ингушхэмрэ шэшэнхэмрэ я хабзэм къызэригъэувымкIэ, сабийр псом япэрауэ зейр адэм и унагъуэрщ. Илъэс пщыкIутI хъуа иужькIэ ар зыгъэсэну хуитыр адэм и закъуэщ - аращ сабийм ищIэ псомкIи жэуап зыхьыр, - жеIэ «Даймохк» («Хэку») шэшэн-ингуш мэзкуу зэгухьэныгъэм и унафэщI Апаев Абуезид. - Иджыпсту цIыхухъум и пщIэр иIэту къалъытэ щхьэгъусэ ищIам и диныр къригъэщтэным. Шэч хэлъкъым, гурыщIэ къабзэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, ауэ цIыхубзым ищIэн хуейщ унагъуэм нэчыхькIэ уихьэным и щIыбагъ лэжьыгъэрэ жэуаплыныгъэрэ куэду зэрыдэтыр. Ар абы хуэхьэзырмэ, фызыфI, анэфI къыхокI. Ди деж бзылъхугъэм пщIэ щигъуэтыр и бынхэр балигъ хъуа иужькIэщ. Абы пэмыплъэфыр, ди жагъуэ зэрыхъущи, мащIэкъым.

- Урыс куэд щыIэ, я Iыхьлы жыжьэхэр ягъэблагъэу, кIэлъыкIуэу? - щIоупщIэ ермэлы хьэрычэтыщIэ Петросян Армен. - Ди дежкIэ благъэ 30 - 40-м сыт щыгъуи якIэлъыкIуэныр - мардэщ. Ахэр гуфIэгъуэми гузэвэгъуэми щIэгъэкъуэнщ. Ар щамыдэ къохъу ди урыс фызхэм.

Хьэзыр апхуэдэхэр зэдагъуэта быным и адэм и муслъымэн диныр къащтэну? Езы фызым ар имыщIэми Iэмалыншэкъым, ауэ гъащIэм зригъэувэну щытыкIэм хигъэдэн хуей хъунущ. Дагъыстэнхэм, къапщтэмэ, илъэси 8 хъуа сабийхэр анэм ирагъэпIыркъым, ар муслъымэну щымытмэ.

Азербайджанхэм, куржыхэм, ингушхэм ящыщ куэдым яфIэфIкъым я благъэхэм урыс фыз къашэу. Нэхъыжьхэм фIы дыдэу къагурыIуэ къахыхьа нысащIэм лъэпкъым, унагъуэм я зэхэтыкIэр, хабзэр имыщIэнкIэ, абы хэмызэгъэфынкIэ зэрыхъунур. Абы гугъуехь куэд къызэришэнури ящIэ. Езым ящыщхэм къыгурагъэIуэн хуейкъым, хьэщIапIэ укIуами, Iэнэм умытIысу, ар къэзыгъэув унэгуащэм удэIэпыкъун зэрыхуейр, IэпкълъэпкъылыкIэ къыщIэщу зыпхуапэ зэрымыхъунур, хабзэ, нэмыс зэрыпхэлъыпхъэр. Псом ящхьэращи, Кавказым и цIыхухъухэм я дежкIэ нэхъыщхьэр къызыхэкIа унагъуэращ, атIэ езым иухуаракъым.

- Унагъуэм и тхьэмадэр сыт щыгъуи лIыращ. Аращ унафэ нэхъыщхьэ псори зыIэщIэлъын хуейр, - жеIэ «Жьэгу» азербайджан зэгухьэныгъэм и унафэщI Меликов Тофик. - Унагъуэ ихьэ цIыхубзым ар ищIэн икIи къищтэн хуейщ. КъищынэмыщIауэ, нэгъуэщIым къыхэкIа нысащIэм и къалэнщ зыхыхьа лъэпкъым и щэнхабзэр зригъэщIэну, хабзэр, нэмысыр зрихьэну. Аращ унагъуэр зыгъэбыдэнур.

Апхуэдэу ящIащ Мэзкуу щызэрыгъуэта Хабаровск щыщ Иринэрэ Аднанрэ.

- Эльдархановхэ я шэшэн унагъуэм сихьэн и пэ куэд зэпэслъытащ икIи зыхэсщIащ. Щхьэгъусэу къыхэсхам насыпыфIэ сыдэхъун папщIэ, абыхэм ящыщ зы сыхъун зэрыхуейр сщIэуэ сыдэкIуащ, - жеIэ Иринэ, иджыпсту IэфIыкIэхэр къыщыщIагъэкI компание лъэрызехьэу Мэзкуу щыIэм и унафэщIым. - Япэ илъэс пщыкIутхум Грознэ дыщыпсэуащ, ди щIалищри абы къыщалъхуащ. Пэжщ, сызэмыса куэд зыхэслъхьан хуей хъуащ: Iэлъэщ зытеслъхьащ, си IэпкълъэпкъыщIэсхъумащ, я хабзэр къэсщтащ. А псом къыпэкIуэу фIылъагъуныгъэрэ унагъуэ насыпрэ згъуэтащ. КъызгурыIуэрт икIи слъагъурт армырамэ утыку сыкъызэринэнур. Мызэ-мытIэу си нэгу щIэкIат икIыж фызхэм я сабийхэр адэм къыхуагъэнэн хуей зэрыхъур. Абыхэм къыжраIэрт: «Укъызэрыкlуам хуэдэу кIуэж». ИкIи апхуэдэ щытыкIэм зыри пэувыртэкъым. Си къуэхэр муслъымэнщ, я къэшэгъуэщ. Ахэр я адэмрэ сэрэ къыдэлъэIуащ щхьэгъусэ ящIыну шэшэн хъыджэбзхэр къахуэдгъуэтыну. Ар къызыхэкIауэ къэслъытэр муслъымэн цIыхубзхэм унагъуэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуащIырщ.

ГъащIэм къыщыппэщылъхэм губзыгъэу хэплъэн, абы къыпхуигъэув лъэпощхьэпохэм ухуэхьэзырын хуейщ. ХьэгъуэлIыгъуэ нэужьым таскIэ псы къэсхьу си лIым и лъакъуэр хуэстхьэщIын хуейуэ къыщысщIам, згъазэу сыщIэкIыжыным хуэдэу сыкъэгубжьат. Ар зылъэгъуа Аднан Iэдэб дыдэу къызжиIащ: «Уэ таскIэ псыр къэхь, адрейр сэ си Iуэхущ. Тэмэму дызэдэпсэун щхьэкIэ, хабзэр гъэзэщIэн хуейщ». Абы и жыIэм седэIуащ. Иджыпсту си лIым и лъакъуэр хуэстхьэщIын дэнэ къэна, абы и тхьэщIэпсым сефэжыну сыхьэзырщ.

Урысей Федерацэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр мымащIэу щызэрошэ. Псом хуэмыдэу ахэр щыкуэдщ къалэшхуэхэм. Мэзкуу и закъуэ щызэрышахэм и процент 22-р лъэпкъ зырызым къыхэкIахэщ. Абы щыгъуэми процент 70-м нэблагъэм урыс цIыхубзхэм нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэр псэгъу ящI.

Къэрал псом щыцIэрыIуэхэм яухуа апхуэдэ унагъуэхэм ящыщу насыпыфIэ хъуауэ къэплъытэ хъунущ журт хьэрычэтыщIэ Абрамов Янрэ тэтэр уэрэджыIакIуэ Алсурэ, журт шоумен Ургант Иванрэ куржы Кикнадзе Наталиерэ. ЗэгурымыIуэу зэбгъэдэкIыжахэщ зи гугъу тщIа Орбакайте Кристинэрэ Байсаров Русланрэ, сатирик цIэрыIуэхэу ермэлы Петросян Евгенийрэ украин Степаненкэ Еленэрэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Ибрагимов Ренатрэ Альбинэрэ. Башаров Маратрэ Круцко Лизэрэ я нэчыхьыр ефэндым ирагъэтхащ икIи цIыхубзым ислъам диныр къищтащ. АрщхьэкIэ абыи унагъуэр ихъумэфакъым.

Шэч хэлъкъым, унагъуэ ухуэныр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэщ. Абы и лъабжьэр быдэмэ, лъэпкъри къэралри лъэщынущ. Армырамэ, псалъэмакъ мыщхьэпэхэр, зэбгъэдэкIыжхэр, зи гъащIэр зэтекъута сабийхэр дунейм тез мэхъу. ЖыпIэну урикъунщ, зэрышэхэм я зэхуэдитIым щIигъур илъэси зэдэмыпсэуауэ ди къэралым зэрыщызэбгъэдэкIыжыр. Ар къызэтегъэувыIа хъун папщIэ щIалэгъуалэри, абыхэм я адэ-анэхэри нэхъ пасэу егупсысыпхъэщ псэгъу ящIхэм я гъащIэ псор зэрыдахьын хуейр, гуфIэгъуэр щызэдаIэтрэ гузэвэгъуэр щызэдагуэшу. Лъагъуныгъэм нэр къыщхьэрепхъуэ, ауэ гъащIэм и гугъуехь псоми къахыумыгъахъуэмэ нэхъыфIу къыщIэкIынущ нэгъуэщI лъэпкъым и щэнхабзэр, зэхэтыкIэр, гупсысэкIэр къэщтэныр. Ар куэдым яхузэфIэмыкI Iуэхугъуэ хьэлъэщ.



# Псэзэпылъхьэпlэ IэщIагъэхэр



**Илъэсипщl ипэкIэ цIыху 75-рэ зыхэкIуэда Саяно-Шушенскэ гидроэлектростанцым къыщыхъуа аварием и щхьэусыгъуэр «Ростехнадзор»-м зэхимыгъэкIыфу махуэхэр щыкIуэм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм ЛэжьыгъэмкIэ и департаментым къытригъэдзащ а къэралым нэхъ псэзэпылъхьэпIэу щыIэ IэщIагъэхэр.**

БДЗЭЖЬЕЯЩЭ промышленностым хыхьэ IэнатIэхэм ар къызэIуех. Абы щылажьэ цIыху мини 100 къэс 129-рэ нэгъабэ хэкIуэдащ. ЕтIуанэу щытщ мэз пызыупщIхэр. Абы апхуэдиз дыдэ бжыгъэм тещIыхьауэ 115-рэ щиукIащ. Ещанэр кхъухьлъатэзехуэхэрщ. Уэгум къыщыхъуа зэжьэхэуэхэм абыхэм ящыщу 90 здихьащ.

ПсэзэпылъхьэпIэ IэщIагъэхэм я спискэр ди къэралым щынэгъуэщIщ. Илъэс къэс Урысей Федерацэм и лэжьыгъэ IэнатIэхэм цIыху мини 4,5-рэ щыхокIуадэ. Ахэр нэхъыбэу зи къару илъыгъуэхэрщ. ЦIыху мини 10-м щIигъу ныкъуэдыкъуэ мэхъу, дэтхэнэ еплIанэри щылажьэ IэнатIэм шынагъуэншагъэм гулъытэ щыхуащIыркъым.

Насыпыншагъэ нэхъыбэрэ къыщыхъур ухуэныгъэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэщ. Абыхэм шынагъуэншагъэ мардэхэр щагъэзащIэркъым, ефауэ IэнатIэм пэрыувэхэр щымащIэкъым. IуэхущIапIэ куэдым къыщрадзэххэркъым насыпыншагъэ къэмыхъун папщIэ зыгуэрхэр зэрылэжьыпхъэр. Аращи, 2009 гъэм и япэ мазищым (нэгъуэщI къэпщытэныгъэхэр «Роструд»-м иригъэкIуэкIакъым) ухуэныгъэм цIыхуи 156-рэ (нэгъабэ псори зэхэту - 210-рэ), транспортым - 87-рэ (98-рэ), мэкъумэш хозяйствэм - 86-рэ (131-рэ) щыхэкIуэдащ. Псори зэхэту мы илъэсым и япэ мазищым IэнатIэ пэрыту лэжьакIуэ 673-рэ иукIащ.

Лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ дунейпсо организацэм къызэрилъытэмкIэ, IэнатIэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм я зэранкIэ доллар триллион 1,25-рэ мэкIуэд.



# Владивосток Китайм бэджэнду иратыну?

**КъуэкIыпIэ Жыжьэм зиужьыным ехьэлIауэ Санкт-Петербург и щIэныгъэлIхэм ягъэхьэзыра докладыр хэIущIыIу хъуа иужькIэ, а хъыбарым Приморьер напIэзыпIэм зэщIищтащ.**

ПРИМОРЬЕМ и къалащхьэр абы щыпсэухэм куэду зэрабгынэр къапщытэри, а Iуэхугъуэр къызэтрагъэувыIэн, экономикэр кърагъэлын папщIэ щIэныгъэлIхэм къыхалъхьа жэрдэмхэм ящыщ зыщ Владивосток къалэр тIу иращIыкIыу зы Iыхьэр Китайм илъэс 75-кIэ бэджэнду иратыныр. Абы къыпэкIуэну сом меларди 130 - 150-м адрейхэр тэмэму къигъэпсэуну, лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэригъэпэщыну къалъытэ.

Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Китайм и Владивосток Iыхьэм езым и администрацэ иIэжынущ, Харбин и унафэм щIэту. Къэрал гъунапкъэр таможнэмкIэ къызэпаупщIынущ. Ауэ щIэныгъэлIхэм къагъэлъэгъуакъым илъэс 75-рэ дэкIа нэужь абы «игъащIэ лъандэрэ» щыпсэуа китайхэр зэрырагъэкIыжыну щIыкIэр. Абы мыхьэнэшхуэ зэриIэм шэч хэлъкъым.

Дауи, Кремлым Санкт-Петербург и щIэныгъэлIхэм я жэрдэмыр диIыгъынукъым. ЩIыр зэбгратыкIыу щIадзэмэ, Урысей Федерацэр тегушхуэгъуафIэ къызэращIынур хьэкъщ. Ауэ зыгуэркIэ апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр ди унафэщIхэм къащтэмэ, къэралым и Iыхьэ никъуэр - Камчаткэм къыщыщIэдзауэ Уралым нэскIэ - бэджэнду ят хъунущ. Дэ щытхузэфIэмыкIкIэ, хамэм ахэр къарагъэсэбэп, псоми я фейдэ хэлъу.

# Долларыр ягъэкIуэдыжыну?

**И мыхьэнэр хэпщIыкIыу йохуэх дуней псом и экономикэм и щIэгъэкъуэн долларым. Щыхьэту урикъунщ абы и уасэр къэрал куэдым нэхъ пуд зэрыщыхъуар.**

США-м и ахъшэ политикэрщ псалъэмакъ псори къыщIежьауэ къалъытэр. Кризисым пэщIэтыфын папщIэ абы доллархэр куэду тридзэ хъуащ икIи и мыхьэнэр иригъэхуэхащ. КъищынэмыщIауэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр щIыхуэм щIигъэнащ. Абы телъыр мыгувэу къилэжьым ебэкIынущ.

Долларым и щытыкIэмкIэ мыарэзыхэм хэкIыпIэхэр къалъыхъуэ. Къапщтэмэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ псынщIэу зызыужь Китайм езым и юаныр хамэ къэрал валютэу къигъэсэбыпыну хущIокъу.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимири долларыр мыгувэу екIуэтэкIын зэрыхуейр иджыблагъэ къыхигъэщащ. Абы къызэрилъытэмкIэ, нэгъуэщI дунейпсо валютэхэр тегъэщIапIэ щIыпхъэщ. Урысейм и властхэм мызэ-мытIэу зэпхагъэIукIащ рублым апхуэдэ мыхьэнэ зэриIэфынур.

- Нэхъапэм ди къэралым щызекIуэ хабзэхэр абы зэран хуэхъуу щытамэ, иджы ахэр щыIэжкъым, - жеIэ Мэзкуу и дунейпсо валютэ ассоциацэм и президент Мамонтов Алексей. - Къэнэжар зыщ: ди экономикэм и зыужьыныгъэр сырьем и уасэм быдэу зэрепхарщ. Абы къыхэкIыу, долларым къыдэкIуэу дунейпсо валютэ хъуфыну Iэмал зиIэр китай юаныращ.

# Сомым и уасэр

**Илъэс куэд хъуауэ урысей сомым (рублым) зигъэбыдэ пэтми, абы и мыхьэнэр мыгувэу къехуэхыпэнкIэ зэрыхъуну псалъэмакъхэм щIохуабжьэ.**

ЖЭРДЭМ къыхэзылъхьаи щыIэщ, кризисыр тыншу къызэнэкIа хъун папщIэ, зы долларым и уасэр сом 45-м нагъэсыну. АрщхьэкIэ къэрал унафэщIхэр абыкIэ арэзы хъуакъым. Щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ - сомым и уасэр ехуэхмэ, инфляцэм зиубгъунущ, абы зэрыхьзэрий куэд къишэнкIэ хъунущ. Экономикэми зыкIи сэбэп хуэхъунукъым, хамэ къэралхэм техникэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ куэду къызэрыщытщэхум къыхэкIыу.

Сомым и мыхьэнэр, ди экономикэм и адрей IэнатIэ псоми хуэдэу, щIыдагъэм и уасэм быдэу епхащ. ИкIи иджыпсту зы баррелым доллар 60 - 70 зэрыхуагъазэр къемыхуэхмэ, дыщIэшынэн щыIэкъым.

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар*
**ХЬЭТАУ Ислъамщ.**

# Азербайджанхэр ди республикэм щохьэщIэ





**Налшык къалэ махуищкIэ щекIуэкIащ «Азербайджан шхыныгъуэхэм я махуэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым» Iуэху дахэр. Ар къызэрагъэпэщащ Кавказым и пщафIэхэм я лъэпкъ зэгухьэныгъэм, Лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ азербайджан центрым, Урысейм и пщафIэхэм я лъэпкъ ассоциацэм, «Визит Кавказ» турист компанием.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуахащ икIи хьэщIэхэмрэ журналистхэмрэ щызэхуэзащ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым икIи щIидзэн и пэ къиихуэу КIуэкIуэм и фэеплъым удз гъэгъа Iэрамэхэр тралъхьащ.

Азербайджаным къикIахэр ирагъэблэгъащ КъБКъМУ-м и проректор Азычэ Светланэ, Сату-технологие факультетым и декан ЛIуп Тимур сымэ.

Дуней псом къыщацIыху IэщIагъэлI лъэрызехьэ защIэщ Азербайджаным щыщ пщафIэхэр. Пресс-конференцым хэтащ Лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ азербайджан центрым и генеральнэ унафэщI, Азербайджаным и пщафIэхэм я лъэпкъ ассоциацэм и президент, Дунейпсо ислъам пщафIэ зэгухьэныгъэм и вице-президент, инженер-технолог, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, профессор Амирасланов Тахир. Абы и гъусэт езым и къуэдзэу, технолог цIэрыIуэхэу, пщафIэ Iэзэхэу Аскеровэ Джейран, Алескеровэ-Кузу Гюльнар, Кулиевэ Тунзаля, Гасановэ Салтанат сымэ. Апхуэдэуи зэхыхьэм щыIащ Урысейм и пщафIэхэм я лъэпкъ ассоциацэм и правленэм хэт, WAGS и дунейпсо класс зиIэ судья Перевоз Денис.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щратым, хьэщIэхэм жаIащ лъэпкъ ерыскъым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, цIыхум дежкIи псом нэхърэ зэрынэхъыщхьэр.

- Лъэпкъым езым и хабзэ, и бзэ, и пшыналъэ, къафэ зэриIэм, абы зэриIэтым хуэдабзэщ и шхыныгъуэхэри, - жеIэ Амираслановым. - Сэ къуажэм сыкъыщыхъуащ, ди анэшхуэхэм я пщэфIэкIэр слъэгъуащ. Балигъ гъащIэм сыхэбэкъуа нэужь, Ленинград еджапIэм сыщIэтIысхьэри, абдеж щыщIидзащ пщафIэм и гъуэгуанэм. Сызыпэрыт Iуэхур къызэрыгуэкIкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъым ипщэфIымрэ ишхымрэ къегъэлъагъуэ абы и дуней тетыкIэри, и псэкупсэ къулеягъри, и шыфэлIыфэри. Апхуэдабзэу туризмэм зегъэужьынымкIэ япэ итхэм ящыщщ пщэфIапIэр. Уеблэмэ абы и хэхъуэм и процент 20 - 30-р къыхуэзыхьыр ерыскъыращ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, туристыр хамэ къэрал, хамэ къалэ щIэкIуэр зэса шхын щхьэкIэкъым, атIэ нэхъ щIэщыгъуэ гуэр зыIуигъэхуэн папщIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым франджы ресторан къыщызэIупхкIэ, франджы туристхэр къыпхудэхьэхынукъым, ауэ балъкъэр хьыршын, адыгэ джэдлыбжьэ ебгъэшхмэ, арэзы хъуауэ ежьэжынущ.

Лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ азербайджан центрым и генеральнэ унафэщI, Азербайджаным и пщафIэхэм я лъэпкъ ассоциацэм и президент Амирасланов Тахир и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу зи ужь итыр азербайджан шхыныгъуэхэр дунейпсо утыку ихьэнырщ, ахэр цIэрыIуэ щIынырщ. Апхуэдэ мурадкIэ къэрал куэдым щIэхщIэхыурэ макIуэ, уеблэмэ, къэрал унафэщIхэр кърихьэлIэу Азербайджан шхыныгъуэм и махуэхэр хамэ къэралхэм къыщызэрегъэпэщ. Апхуэдэу ар щыIащ Тыркум, Ираным, Украинэм, Кореем, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Пакистаным, Инджылызым, Германием, Молдовэм, Сербием, Узбекистаным, нэгъуэщI куэдми.

Журналистхэм къазэрепсэлъам нэмыщI, Амирaслановыр КъБКъМУ-м и студентхэм яхуэзащ икIи азербайджан шхыныгъуэхэмрэ кавказ пщэфIапIэмрэ ди къэралми хамэ къэралхэми щаIэ мыхьэнэм яхутепсэлъыхьащ.

А махуэм хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ дяпэкIэ зэрызэдэлэжьэну жыпхъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ.

Махуищым кърихубыдэу Iуэху дахэ икIи «IэфI» куэд щекIуэкIащ ди лъахэм. Кавказым и пщафIэхэм я лъэпкъ зэгухьэныгъэм хэтхэм ерыскъыхэр ягъэхьэзыращ, абы жэрдэм зиIэхэр хуагъэсащ. ХьэщIэхэр ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу азербайджан хэхэсхэм я центрым икIи пшыхь екIу къыхузэрагъэпэщащ.

Гукъинэж хъуащ «Акрополь» щэнхабзэ-нэгузыужь центрым щекIуэкIа Iуэху нэхъыщхьэри - абы хьэщIэхэм щагъэлъэгъуащ азербайджан ерыскъыхэкIхэм я пщэфIыкIэмрэ ар Iэнэм къызэрытрагъэувэмрэ. Пшыхьым кърагъэблэгъат ерыскъыхэм и IэфIагъыр къэзыпщытэну хьэщIэхэри. Iэнэм и тепщэу щытар, дауи, азербайджан плов гурыхьыртт. Плов нэхъ IэфI дыдэу дунейм тетыр азербайджанхэм ящIрауэ хуагъэфащэ, абы и пщэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэу зыкъом зыщIэ Амирасланов Тахир и унафэм щIэт пщащэ пщафIэхэм ар къазэрехъулIам шэч хэлъкъым.

Зэхыхьэр дыгъуасэ щызэхуащIыжащ «Сосрыкъуэ» турист комплексым. Мис абдеж къеблэгъахэм хьэщIагъэ щрахащ ди хэкуэгъухэми. Бысымхэм хьэщIэхэм ирагъэлъэгъуащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я шхын хэплъыхьахэм я гъэхьэзырыкIэмрэ я IэфIагъымрэ. «Азербайджан шхыныгъуэхэм я махуэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым» Iуэхур щызэхуащIыжым Кавказ пщэфIапIэм щытепщэ лъэпкъ шхыныгъуэ нэхъыфIхэр зытет Iэнэ берычэт къагъэуващ, пщафIэ цIэрыIуэ куэди щызэхуэзащ, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэри щызэIэпахащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Мамхэгъ Астемыр зэлэжь «Хатуей. Штрихи к истории селения и генеалогии жителей» проектым и етIуанэ къыдэкIыгъуэр. Япэрей тхылъми хуэдэу, мыбыи щызэхуэхьэсащ Хьэтуей къуажэм и тхыдэм теухуауэ «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ хэку», «Газета Юга», «Советская молодежь», «Лескенская газета» (КъБР), «Вестник Карачаево-Черкессии» (КъШР) газетхэм къытехуа тхыгъэхэр.**

# Хьэтуейм и тхыдэм къыпещэ




КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ихуахэм я нэхъыбэр зи IэдакъэщIэкIыр Мамхэгъ Астемырщ. Генерал-майор Анзор Хьэту и жылэм и къекIуэкIыкIам кууэ ухэзыгъэплъэж лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ Москва, Санкт-Петербург, Краснодар, Ставрополь, Тбилиси, Владикавказ, Налшык дэт къэрал дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ тхыгъэхэр. КъызыхэкIа лъэпкъым, къызыдэкIа къуажэм и блэкIар зэзыгъэщIэну хуеймкIэ мы тхылъыр хъугъуэфIыгъуэ мылъытэщ. Анзорхэ я лъэпкъым къыщрегъажьэри, жылэр зейуэ щыта Анзор Хьэту и гъащIэр, зэман зэхуэмыдэхэм къуажэм игъуэта зыужьыныгъэр, абы и цIыхухэм я псэукIар зэпкърыхауэ къегъэлъэгъуэж.

Совет властыр ягъэува нэужь, Анзор Хьэту и жылэм Старэ Урыху фIэщыгъэр иратауэ щытащ. 2005 гъэм УФ-м и Президентым и унафэм ипкъ иткIэ къуажэм фIащыжащ япэм иIа цIэр - Хьэтуей. А Iуэхугъуэ гуапэм, ар иджыпсту здэщыс щIыпIэм къызэрыIэпхъуэрэ илъэси 155-рэ, кIэлъыкIуэу илъэси 170-рэ щрикъум ягъэхьэзыра тхыгъэхэр къызэщIэзыкъуэжщ мы къыдэкIыгъуэр. Тхыгъэхэм я мызакъуэу, абы къыщыхьащ жылэм Хьэтуей цIэр зэригъуэтыжам теухуа махуэшхуэм ухэзыгъэплъэж сурэтхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ тхылъым и жинтыр, и гупэмкIи и щIыбымкIи, къуажэр зея генерал-майор Анзор Хьэту и сурэтымкIэ зэрыгъэщIэрэщIар.

ЦIыхум Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр къыщежьэр къыщыхъуа къуажэрщ. И жылэм и къэкIуэнум фIыкIэ щыгугъ, абы хузэфIэкI хуэзыщIэ цIыхущ зи гугъу тщIы тхылъыр зи IэдакъэщIэкI Мамхэгъ Астемыр. Ар хэкупсэ, лъэпкъыпсэ нэсу зэрыщытыр къегъэлъагъуэ Хьэтуей къуажэм и тхыдэм теухуауэ къыдэкIыгъуэ зыбжанэ зэригъэхьэзырам, адэкIи а Iуэхум къыпищэну зэримурадым.

Зи гугъу тщIы тхылъыр дунейм къытехьэнымкIэ мылъкукIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ Лэскэн район Советым и депутат, 2003 - 2008 гъэхэм Хьэтуей къуажэм и администрацэм и унафэщIу щыта Мэремкъул Iумарбий.

- Тхылъыр бгъэхьэзырыныр зы лэжьыгъэшхуэщ, абы и къыдэгъэкIынми Iуэхушхуэ пыщIащ. Къуажэм теухуауэ згъэхьэзыра тхылъхэр къыдэгъэкIынымкIэ сытым дежи щIэгъэкъуэн къысхуэхъуащ жылэм къыдэкIа цIыху гуащIафIэхэр. Мы Iуэхур къыздиIыгъащ Мэремкъул Iумарбий. Къуажэм и тхыдэм хуищIа хэлъхьэныгъэущ ар сэ къызэрыслъытэри, адэкIи апхуэдэ Iуэху щхьэпэ куэд къехъулIэну си гуапэщ, - жиIащ Мамхэгъ Астемыр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# ЗэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэ

**Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр ядолажьэ къэрал IуэхущIапIэ куэдым. Анэ мылъкур унагъуэхэм яIэрыхьэным зи къалэнхэр епха а фондыр набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ сабий зыгъуэтахэм хухах ахъшэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм, еубзыху зытебгъэкIуадэ хъуну Iуэхугъуэхэр.**

ПЕНСЭ фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэхэм хъыбар къызэрыдагъэщIамкIэ, IэнатIэм иджыблагъэ зэгурыIуэныгъэхэр ирищIылIащ ди республикэм щылажьэ еджапIэхэм. Абы ипкъ иткIэ, анэ мылъкур хуэбутIыпщ хъунущ сабийм щIэныгъэ егъэгъуэтыным. АтIэми, гулъытэ хуэщIын хуейщ Iуэхум хэлъ мыпхуэдэ щхьэхуэныгъэм: ахъшэр трагъэкIуадэ хъунущ быным ящыщ дэтхэнэми щIэныгъэ егъэгъуэтыным, ар къыщIрата сабийм и ныбжьыр илъэсищ ирикъуа нэужь. КъинэмыщIауэ, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну быным и ныбжьыр илъэс 25-м нэмысауэ щытын хуейщ.

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм я гугъу пщIымэ, анэм хуитыныгъэ иIэщ къэралым кърита мылъкум къыхэкIыу сабийр зэкIуалIэ гъэсапIэхэм щIат хабзэ ахъшэр абы къыхигъэкIыну.

Быным щIэныгъэ ирагъэгъуэтын папщIэ къыхах еджапIэхэмрэ гъэсапIэхэмрэ Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм щыIэу, цIыхухэм апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэну зэрыхуитым щыхьэт техъуэ лицензэхэр яIэнри Iэмалыншэхэм ящыщщ.

Апхуэдэ лъэIухэр зэрыт тхылъыр анэм ирит хъунущ УФ-м и Пенсэ фондым дэтхэнэ щIыналъэми щиIэ и къудамэм, езыр зыщыпсэу е здэщыIэ щIыпIэм емылъытауэ. Тхылъхэр ебгъэхь хъунущ Интернетым и IэмалхэмкIи, «Къэрал Iэухутхьэбзэхэр» порталыр е Лэжьыгъэ куэд щызэфIах центрхэр (МФЦ) къэбгъэсэбэпу.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



**КъБР-м щыIэ МВД-м и типографием и IэщIагъэлI Ашраф Каринэ и ныбжьыр илъэс 25-рэ зэрырикъумкIэ дохъуэхъу.**

# Каринэ и махуэ

ЩIЭНЫГЪЭ, IэщIагъэ, гъэсэныгъэ куу зыбгъэдэлъ пщащэ щIыкIафIэм узыншагъэ быдэ иIэу, и хъуэпсапIэхэр къехъулIэу, насыпыр и Iэпэгъурэ дэрэжэгъуэр и куэду илъэс куэд къигъэщIэну дыхуохъуахъуэ. Каринэ, пщащэ нэмысыфIэу, Iэдэбу, Iущу, гуакIуэу дунейм утетщи, абыхэм яхуэфэщэн фIыгъуэкIэ Тхьэр къыпхуэупсэну, къыбдалъхуахэр пхуэузыншэну, уи мурад псори нэрылъагъу хъуну Алыхьым жиIэ!

*Хьэфlыцlэхэ,*
*ЗэрамыщIэхэ,*
*Таухэ я унагъуэхэр.*

# Пашэхэм загъэбыдэ

**ФутболымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм хиубыдэ зи чэзу зэIущIэхэр мы махуэхэм зэхэтащ.**

ДЖЭГУГЪУЭМ и япэ махуэм зэхьэзэхуэм щыпашэхэм я зэIущIэхэр екIуэкIащ. Прохладнэ и «Энергетик»-р 3:0-у текIуащ Старэ Шэрэдж и «Шэрэджым» икIи турнир таблицэм щиIыгъ япэ увыпIэр абыкIэ ихъумащ. Пашэм и лъэдакъэм теувэу мэбакъуэ «Тэрчри», «Энергетик»-р лъэпэрапэмэ занщIэу щхьэщыкIыну хьэзыру. Ислъэмей щыхьэщIэу абы щIыпIэ командэр 2:5-уэ хигъэщIащ икIи зы очкокIэ фIэкIа прохладнэдэсхэм къазэрыкIэрыху зэщхьэщыкIыныгъэм зригъэхъуэжакъым.

Мы лъэхъэнэм зи Iуэху дэмыкI «Нартыр» къыкIэлъыкIуэу къыхагъэщIащ. Псыгуэнсу щыIэу абы хэгъэрейхэр 3:1-уэ къефIэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Бабугент щекIуэкIащ «ЛогоВАЗ»-мрэ «Шэрджэсымрэ» я зэIущIэр. Мыбы хэгъэрейхэр щынэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ икIи жэуапыншэ топищ хьэщIэхэм я гъуэм худагъэкIащ.

Апхуэдэ дыдэ бжыгъэкIэкIэ иухащ Псынэдахэ щекIуэкIа «Родник»-мрэ «Малка»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр. Абы иужькIэ хэгъэрейхэр ещанэ увыпIэм дэкIуэтеящ.

Нэхъ лъэщыр хэтми щызэхагъэкIакъым зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм зэкIэлъхьэужьу къыщыкIуэ «ХьэтIохъущыкъуеймрэ» «Эльбрус»-мрэ я зэIущIэм. Абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр 1:1-уэ иухащ.

Кэнжэ щызэхэта щIыпIэ командэмрэ «Шэджэм-2»-мрэ зэIущIэм псори зэхэту топибл щыдагъэкIащ. ХьэщIэхэр 5:2-уэ зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ турнир таблицэм абыхэм къызэранэкIащ хэгъэрейхэр.

ФутболымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зи чэзу джэгугъуэм зэхэта зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: *жэпуэгъуэм и 23:* «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **2**:**5**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **3**:**1**, «**Энергетик**» (Прохладнэ) - «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - **3**:**0**; *жэпуэгъуэм и 24:* «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм-2) - **3**:**0**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Малка**» (Малка) - **3**:**0**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - «**Эльбрус**» (Тырныауз) - **1**:**1**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм-2) - **2**:**5**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм зэIущIэнущ: *жэпуэгъуэм и 30-м* - «Нарт» - «Шэрэдж», «Энергетик» - «Спартак-Д», «Урыху» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Шэрджэс» - «Ислъэмей»; *жэпуэгъуэм и 31-м* - «Эльбрус» - «Кэнжэ», «Тэрч» - «Псыгуэнсу», «Малка» - «ЛогоВАЗ», «Шэджэм-2» - «Родник» командэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Энергетик»** | **22** | **19** | **2** | **1** | **104-19** | **59** |
| **2. «Тэрч»** | **22** | **18** | **4** | **0** | **88-17** | **58** |
| **3. «Родник»** | **21** | **15** | **2** | **4** | **87-29** | **47** |
| 4. «Урыху» | 22 | 14 | 3 | 5 | 66-40 | 45 |
| 5. «Шэджэм-2» | 23 | 12 | 4 | 7 | 57-57 | 40 |
| 6. «Кэнжэ» | 22 | 11 | 6 | 5 | 53-37 | 39 |
| 7. «Ислъэмей» | 23 | 12 | 1 | 10 | 78-59 | 37 |
| 8. «Шэрджэс» | 23 | 9 | 6 | 8 | 50-64 | 33 |
| 9. «Псыгуэнсу» | 23 | 9 | 5 | 9 | 41-46 | 32 |
| 10. «ЛогоВАЗ» | 23 | 9 | 4 | 10 | 53-59 | 31 |
| 11. «Малка» | 23 | 9 | 1 | 13 | 57-63 | 28 |
| 12. «Спартак-Д» | 22 | 7 | 3 | 12 | 47-50 | 24 |
| 13. «ХьэтIохъущыкъуей» | 23 | 5 | 3 | 15 | 34-73 | 18 |
| 14. «Эльбрус» | 23 | 3 | 5 | 15 | 41-88 | 14 |
| **15. «Шэрэдж»** | **22** | **2** | **2** | **18** | **36-88** | **8** |
| **16. «Нарт»** | **23** | **0** | **1** | **22** | **36-139** | **1** |



**Бжьыхьэ дыщафэ.**
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# Ди гум сыт щыгъуи илъынщ

Жэпуэгъуэм и 10-м дунейм ехыжащ Налшык дэт, Калюжнэм и цIэр зезыхьэ школым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ илъэс 50-м нэблагъэкIэ егъэджакIуэу щылэжьа **Къулым ФатIимэ Алимырзэ и пхъур**.

Къулым ФатIимэ сыт щыгъуи адрей егъэджакIуэхэм къахэщырт и хьэлщэн дахэмкIэ. Ар цIыху зэпIэзэрытт, адыгэбзэр и псэм хэлът, и бзэр дахэт. ФатIимэ хущIэкъурт анэдэлъхубзэр къыдэкIуэтей щIэблэм фIыуэ ригъэлъагъуну.

ГущIыхьэ тщыхъуащ а егъэджакIуэ нэсыр, емызэшыжыр, гуп гъэдахэу къытхэтар зэрытхэкIыжар. Абы дэлэжьахэм ар ди гум гуапэу къинэнущ. Къулым ФатIимэ и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ дахуогузавэ - Тхьэм ящимыгъэгъупщэкIэ.

***Налшык дэт курыт еджапIэ №7-м и лэжьакIуэхэр.***

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «IуащхьэмахуэI», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэкIэ литературэр къыдэгъэкIыным хуэгъэхьэзырынымкIэ и къудамэм и унафэщI **Джэрыджэ Арсен Хьэнахъуэ и къуэм** хуогузавэ и къуэ **Джэрыджэ Аслъэн** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм балъкъэрыбзэкIэ литературэр къыдэгъэкIыным хуэгъэхьэзырынымкIэ и къудамэм и редактор **Гузиевэ Мадинэ Екъуб и пхъум** хуогузавэ и анэ **Гузиевэ (Таукеновэ) Майрышхъан Мустэфа и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату щыта **Дохъушыкъуэ Арсен Нажмудин и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

**Редактор нэхъыщхьэ**
**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Редколлегием хэтхэр:**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдэзкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 12+
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П5894 • Тираж 1.841 • Заказ №2419